Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 26 (6658) 3 июнь 2019 с. Итни Рамазан 1440 с. Багьа эркенаб



БАРКИ

## Баркула кІал биччаялъул гІид

**Хириял диналъул вацал ва яцал! Ахиралде щолеб буго баракатаб, жинда жаниб хирияб Къуръан рещтІараб, Лайлатул къадриялъ кІодо гьабураб Рамазан моцІ. Гьеб моцІ лъугІидал, бусурбабаз кІодо гьабула кІал биччаялъул гІид ва Аллагьасда гьарула хирияб Рамазан моцІалъ ккурал киназулго кІалал, рарал какал, гьабураб лъикІаб гІамал къабул гьабеян. Баркула киназдаго гьеб кІал биччаялъул гІид!**

Хириял Ражаб, ШагІбан ва Рамазан моцІаз гьарурал лъикІал гІамалалги киназулго къабул гьареги, гьел хадусел моцІаз цІикІкІинаризе тавпикъги кьеги. БетІергьанас киназулго гІидалъул какалги, рахъарал сахІалги, кьураб садакъаги къабул гьабеги. Биччанте кІал биччан къоялъул гІидалъул баракат рещтІине щивасул рокъоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Рекьи – азаргоялдаса цІикІкІун гектаралда

### Газ бачиналъул ва АПК цебетІезабиялъул суалал

**Районалъул администрациялда тІобитІана газ бачиналъул, АПК цебетІезабиялъул ва цогидалги суалал гьоркьор лъураб данделъи. Данделъиялда гІахьаллъана федералиял, республикаялъул, муниципалиял идарабазул хІалтІухъаби, учреждениязул нухмалъулел, районалъул администрациялъул, бакІалъулаб самоуправлениялъул органазул, жамгІиял гІуцІабазул вакилзаби ва цогидалги.**



Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетІерав специалист – эксперт МухІамад Лабазановас ракІалде щвезабуна киналго отчетал жиндир заманалда кьезе кколеблъи. КІвар буссинабуна СПКязул, КФХязул, ЛПХязул, ОООязул ва цогидалги росдал магІишаталъул предприятиязул хІаракатчилъиялъул хІакъалъулъ баянал кьеялъул суалазде, гьединго лъайкьеялъул учреждениязул нухмалъулезда лъазабуна жиндир заманалда баянал ритІеян.

Федералияб казначействоялъул управлениялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев АхІмад Мансуровас бицана финансовиял операциял гьарулаго законал цІуниялъул кІваралъул. Гьес гьединго баян кьуна тІабигІияб балагьалъ зарал гьабурал хьиндаллъиялъул росабалъ бугеб хІалалъул.

Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГІали ГІалиевас абуна гІатІиракьалдаса роолил мучІдузде гІи гочунеб бугин. ГІадамазе социалияб хъулухъ гьабиялъул отделалъул нухмалъулев Абакар МухІамадовас баян гьаруна гражданазул батІи-батІиял категориязе социалияб кумек гьабиялъул къагІидаби. Централъул хІалтІухъабаз ресукъазул, социалияб рахъалъ лъикІаб ахІвал-хІал гьечІезул хІакъалъулъ баянал ракІарулел руго, гьезул хадубккун материалияб рахъкквей мурадалда.

ГІолилазул политикаялъул ва диниял суалазул рахъалъ районалъул бетІерасул кумекчи МухІамад Зубайировас бицана Рамазан моцІалъ гІолилазул гІуцІабаз тІоритІулел ругел гурхІел-рахІмуялъул акциязул: «Нухда кІалбиччай – ифтар», «Кумек гьабе хІажалъиялде ккаразе» ва цогидалги.

«Газпром – газораспределение – Дагестан» ОООялъул СМУялъул мастер МухІамад ГІабдулкъадировас баян гьабуна абонентазулгун гьабулеб бугеб хІалтІи, гьаб соналъ газ бакизе хІисабалде босараб районцентралда бугеб хІал.

Централияб больницаялъул бетІерав врачасул ишал тІуразарулев МухІамадхІабиб Абакаровас бицана муниципалитеталъул сахлъи цІуниялъул бутІаялда бугеб хІал, медицинаялъул препаратал щолел ругин ва гІадамал сахгьариялъулъ квалквалал дандчІвалел гьечІин.

Налогал кьеялъул хІакъалъулъ информациягун кІалъазе вахъана районалъул администрациялъул муниципалиял учреждениязул централизованнияб бухгалтериялъул нухмалъулев Гъайирбег АхІмадов.

Газ бачиналъул, лъедалъун хьезариялъул, къватІахъ чирахъал ракиялъул ва цогидалги суалазда тІадчІей гьабуна «Сельсовет “Мехельтинский”» росдал поселениялъул бетІер МухІамад ГІабдунасировас. Хъаравуллъиялъулгун хІисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГІалиевас бицана учреждениязда халгьабиял тІоритІулел ругин.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовасул биценалда рекъон, ихдалил культураби рекьун руго азаргоялдаса цІикІкІун гектаралда.

Муниципалитеталъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас бицана росабазул уставалда хиса-басиял гьаризе поселениязул бутІрузе консультативияб кумек гьабиялъул. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухІамадовас тІадчІей гьабуна Дагъистаналда лъималазе роолил лагерал рагьун рукІиналда, ЕГЭ кьезе пункт МелъелтІа гьоркьохъеб школалда жиндир заманалда хІадуриялда.

Районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХІайбула ГІабдурахІмановас бицана адабияталъул классик Сулейман Стальский гьавуралдаса 150 сон тІубаялъул юбилей ва цогидалги тадбирал маданиял учреждениязда тІоритІиялъул.

Муниципалитеталъул экономикаялъул, росдал магІишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тІуразарулев Шамил Салатгереевас абуна республикаялъул ведомствабазгун цадахъ рекъон хІалтІи гІуцІулеб бугин, район социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетІеялъул паспорт хІадурулеб бугин. Налогал ракІариялъул план тІубаялъул бугеб хІал баян гьабуна районалъул администрациялъул финансовияб управлениялъул нухмалъулев РурухІма Халидовас.

Районалъул администрациялъул бетІерасул заместитель МухІамад Хъарагишиевас данделъиялъул хІасилал гьаруна ва республикаялъулал программабазда гІахьаллъеян, гІадамазе хъулухъ гьаби цебетІезабеян абуна.

**Информациялъул «Гумбет» гІуцІи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Херал магІарулал, нужер цо рагІи…

-2 гьум.



Лъай борцунеб роцен

-2 гьум.



Росабазул мактабал тун, унезе нух битІиялъе насихІатал гьаруна

-3 гьум.



ГІадамазе бацІцІадаб лъим чІезабизелъун

-3 гьум.

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БАСМАЯЛЪУЛ ИШАЛ

# Херал магIарулал, нужер цо рагIи...

### НТВялъул журналистал гIахьаллъараб пресс-тур тIобитIана

**Бакълъулазул районалда тIобитIана НТВялъул журналистал гIахьаллъараб пресс-тур. Федералияб телеканалалъул передачаби хIадурулезул кьокъа хIалтIана Килалъ росулъ. Журналистазе лъазе рокьана Дагъистаналъул харабазул гIемер сонал раялъул ва сахлъиялъул балъголъаби.**

Килалъа 67 сон барав ГIумар ХIамдулаевасул гIахьаллъигун роликазе машгъурлъи щун буго. ХIамдулаевас турникалда гьарула тIадагъаб атлетикаялъул захIматал номерал.



Пресс-тур гIуцIана «Гумбет» газеталъ. БетIералда НТВялъул телеканалалъул Дагъистаналда вугев хасав мухбир ГIумар МухIамадовгун гьеб телеканалалъул журналистазда дандчIвай гьабуна «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас.

Районалъул харабаз турникалда номерал рихьизарун хадуб, НТВ телеканалалъулаз суратал рахъана гъутIбузул рагIдукь, тIабигIат берцинаб расалъиялда тIоритIарал спортивиял миллиял кьецазда гIахьаллъаразул. Кьецал гIуцIа-къан иналъе кумек гьабуна Килалъ росдал администрациялъул бетIер АхIмад Каримовас, районалъул администрациялъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас ва цогидазги.

Турниралда гIахьаллъана 74 сон барав, Россиялъул чемпионаталда Дагъистаналъул тIаса бищараб командаялъул ветераназда гьоркьоб тIадагъаб атлетикаялъе 3 гIарцул медаль босарав: ядро 11,78 м, диск – 29,30 м рехарав, чIор 27, 60 м речIчIарав Гъайирбег ГIалиасхIабов.

«Щибаб анкьалъ кватIибе биччалеб «Гумбет» газеталъ гьоркьоса кьотIичIого хIалтIи гIуцIула районалъул, гIагараб ракьалъул цебетIей загьир гьабиялъул, муниципалитеталъул киналго рахьал рихьизариялъул рахьалъ. Цадахъ рекъон хIалтIула республикаялъул гурелги федералиял СМИялгунги. «Дагъистан» РГВКялъул журналистаз хIадурана пахъул тIагIелал гьарулел ИчичIалиса устарзабазул хIакъалъулъ сюжет. Телепередача хIадурана Ингишо росулъги – КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи БагIараб цIва орденалъул кавалер, снайпер Хьарамирза Жаватхановасул вас АхIмад Жаватхановасулгун интервью хьвана», - ян абуна ХIамзат ГIизудиновас.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Лъай борцунеб роцен

### Бакълъулазул районалда унел руго цогоял ва аслиял пачалихъиял экзаменал

**МелъелтIа гьоркьохъеб школалда 28 маялда районалъул школазул 9 классалъул цIалдохъабаз кьуна гIурус мацIалъул аслияб пачалихъияб экзамен.**

Экзаменалда гIахьаллъана 164 выпускник. Гьезие 3,5 сагIат бихьизабун букIана тIадкъаял тIуразе. Аттестат щвезе ккани 24 балл буго бищун гIодобегIанаб къадар.

29 маялда хIисаб гIелмуялъул цогояб пачалихъияб хIисаб гIелмуялъул экзаменги кьуна гьебго школалда районалъул 11 классазул 52 выпускникас. Гьездасан 13 чияс хIисаб-гIелмуялъул экзамен профильнияб даражаялда, 39 чияс – базовияб даражаялда кьуна.

Экзаменазул иналда хадуб хъаравуллъи кколеб букIана пачалихъияб экзаменационнияб комиссиялъул вакил, ДГПУялъул преподаватель Эдуард Арадаховас, экзаменал кьеялъул пункталъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевас, гIуцIарухъабаз ва цогидазги.

**Хадижат Мазгарова**

ГIЕЛМУ – ХАЗИНА

# Джеймс Клерк Максвелл ва чIиркъ

### ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъаби призераллъун рахъана физикаялъул олимпиадаялда

**Бакълъулазул районалъул ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 9 – 11 классазул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна Англиялъул математик ва физик, гьанжесеб классическияб электродинамикаялъе, газазул кинетическияб теориялъе кьучI лъурав Ждеймс Клерк Максвеллил цIаралда бугеб физикаялъул рахъалъ республикаялъулаб олимпиадаялда.**

Олимпиадаялде цIалдохъаби хIадур гьаруна ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул тIадегIанаб категориялъул физикаялъул учитель, Россиялъул Федерациялъул лъайкьеялъул хIурматияв хIалтIухъан, Россиялъул президентасул гранталье мустахIикълъарав Гъайирбег МухIамадовас.



Республикаялъулаб олимпиадалда тIоцебесеб бакI ккуна 11 классалъул цIалдохъан Жамиля МухIамадовалъ ва призовияб лъабабилеб бакI ккуна 9 «а» классалъул цIалдохъан Наби Набиевас. Бергьенлъи босаразе кьуна диплом ва грамота.

Жамиля МухIамадова цеекунги гIахьаллъана физикаялъул олимпиадаялда ва призовиял бакIал ккуна. 9 классалда цIалулаго тIоцебесеб бакI, 10 классалда – кIиабилеб бакI ккуна гьелъ. Жамиля МухIамадова йиго цIалул отличница, жигараб гIахьаллъи гьабула школалда тIоритIулел тадбиразда, меседил медаль щвезеги бегьула гьелъие.

**«Гумбет» РИО**

БУХУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# КIудияб гIумруялъул нухде галаби

### МелъелтIа гьоркьохъеб школалда кьабуна ахирисеб цIумур

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда, ахирисеб цIумур кьабиялда ва цIалул сон лъугIиналда хурхун, тIобитIана рохалилаб тадбир.**

МухIамад Хьарагишиевас, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас, районалъул имам Шамил Назировас,





МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директор Эльмира МухIамадовалъ школалъул дирекциялъул рахьалдасан цIалдохъабазда, мугIалимзабазда, умумузда баркана цIалул сон лъугIи, бицана киналго выпускникал аслиял пачалихъиял экзаменал кьезе риччан рукIин. «Гьарула нужее талихI, рохел, гIумрудулъ битIккей, кIочонге нужеда школа ва мугIалимзаби. Нужер киналго мурадал тIураги», - ян абуна Эльмира МухIамадовалъ.

ЦIумур кьабиялъул байрам школа лъугIунезда гьединго баркана районалъул бетIерасул заместитель мугIалимзабаз, умумуз ва цогидазги.

Тадбиралда лъикI цIаларал цIалдохъабазеги, жамгIияб хIалтIулъ тIокIлъи бихьизабурал мугIалимзабазеги кьуна грамотаби.

Байрамалда баркиялъулал церерахъинал гьаруна ва сценкаби рихьизаруна школалъул цIалдохъабаз. Школа лъугIун унез мугIалимзабазе ва школалъул цогидал хIалтIухъабазе баркала загьир гьабуна ва сайигъатал кьуна.

Ахирисеб цIумур кьабуна ва рохалилал тадбирал тIоритIана Бакълъулазул районалъул цогидал школаздаги.

**Макка МухIамадова**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ

# «Нусго школа» программаялда бергьараб мактабалда – цIалул сон лъугIиялъул къо

### Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам

**Бакълъулазул районалъул Игьали гьоркьохъеб школалда тIобитIана ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам.**

нужеда цIалул сон лъугIин, ахирисеб цIумур кьабиялъул байрам». Школа лъугIунезул щивасул гIумруялъулъ



«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул цIаралдасан киназдаго байрам баркана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

«РакI-ракIалъ баркула кIочонареблъун лъугьина жакъасеб байрам. Нужеца тIаса рищила махщелал, цIализе ина тIадегIанал ва гьоркьохъел хасал цIалул заведениязде. Школалда цIалулеб заманалда инсан кинабго рахьалъ цеветIуравлъун куцала.

**(Ахир - 3 - аб. гьумералда)**

## «Нусго школа» программаялда бергьараб мактабалда – цlалул сон лъугlиялъул къо

(Байбихьи - 2 - аб. гьум.)
Бакълъулазул районалъе хlажат руго церетlурал махщалилал, ишалъул устарзаби. Районалъул администрациялъ кlвар кьола лъайкьеялъул хlалтlи лъикl гlуцlиялде.

Араб соналъ республикаялъулаб «Нусго школа» программаялда рекъон, капиталияб ремонт гьабуна Игьали гьоркьохъеб ва Мелъелтlа микьгосонил школазе. Гьаб соналъ заявка кьун буго муниципалитеталъул анкьго школа республикаялъулаб «150 школа» проекталда гlахьаллъиялъе.

Божи буго жакъасел выпускникал унго-унгоял махщалилаллъун рахьине рукlиналда», - ян абуна Мухlамад Хъарагишиевас баркиялъулаб кlалъай гьабулаго.

Школа лъугlунезда баркана гьединго Игьали гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев Сагlид Мухlамадовас, тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель Гlиса Шарапудиновас, гlурус мацlалъул ва литератураялъул мугlалим Муртаза Эфендиевас ва цогидазги. Школалъул нухмалъулесул лъайкьеялъул рахъалъ заместитель Муртазагlали Хlажимурадовас районалъул олимпиадаялда бергьарал цlалдохъабазе грамотаби кьуна.

Выпускниказда баркиялъулал кlалъаял гьаруна мугlалимзабаз ва умумуз. Байрамалда гlахьаллъарал хасго рази гьаруна «Ромашка» лъималазул ахалъул гьитlичаз, тlоцебесеб классалъул цlалдохъабаз. Школа лъугlунезе гьез лъикlабщинаб гьарана, кьуна тlугьдул ва сайгъатал.

«Гумбет» РИО

ГlОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

## Росабазул мактабал тун, унезе нух битlиялъе насихlатал гьаруна

### Школа лъугlунезул вечер тlобитlана Чlиркъатlа

**Бакълъулазул районалъул школазул 9 ва 11 классазул выпускникал данделъун рукlана Чlиркъатlа бугеб банкетнияб залалда.**



Кlинусгоялдаса цlикlкlун выпускник, гьезул мугlалимзаби, лъайкьеялъул учрежденияэул нухмалъулел, районалъул администрациялъул вакилзаби, имамзаби ва цогидалги гlахьаллъана гьеб тадбиралда. Байбихьудаго ДРялъул муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул Мугlрузул территориалияб округалда вугев вакил Мухlамадгlариф Мухlамадовас Къуръаналдаса аятал цlалана. Тадбир рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назировас.

Муниципалитеталъул бетlер Хlажимурад Мухlамадовасул цlаралдасан, данделъаразда баркиялъулаб кlалъай гьабуна районалъул администрациялъул бетlерасул заместитель Мухlамад Хъарагишиевас.

«Хlурматиял выпускникал, баркула нужеда школа лъугlин, гьениб щвараб лъаялда гlей гьабичlого тlадегlанал ва гьоркьохъел цlалул заведениязда лъай борхизабизе, махщел щвезабизе, заман щолеб буго нужее.

Районалъул администрациялъ, Гумбеталъул гlолилазул централъ, «Гумбет районалъул гlолилал» ДРООялъ республикаялъул шагьаразда гlуцlун руго гlолеб гlел цебетlураблъун лъугьиналъе шартlал. Нужеде хитlаб гьабулеб буго лъикl цlалеян, спортивиял тадбиразулъ гlахьаллъеян, районалъул гlолилазул гlуцlабигун цадахъ рекъон хlалтlеян. Нух битlаги, нужее, гlумрудул нухда квалквалал дандчlвагеги нужеда», - ян абуна Мухlамад Хъарагишиевас.

Вечералда гьединго кlалъазе рахьана «Патриоты» АООялъул нухмалъулев Шамил Гlабдулхlажиев, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан Мухlамадов, «Гумбет районалъул гlолилал» ДРООялъул нухмалъулев Мухlамад Зубаиров, Гумбеталъул гlолилазул централъул нухмалъулев Мухlамад Макашарипов, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул ГТОялда вугев вакил Мухlамадгlариф Мухlамадов, ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул хlалтlухъан Асият Хlасанхlажиева ва цогидалги.

Тадбиралда ахlана назмаби, Россиялъул халкъазул гlадатияб маданияталъул Гумбеталъул централъул хlалтlухъабаз бихьизабуна имам Шамилил гlумруялъул хlакъалъулъ сценка. Цlалул тlокlлъи бихьизабурал выпускниказул умумузе районалъул администрациялъ кьуна хlурматалъул грамотаби.

«Гумбет» РИО

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧlОНИ, ЧlУНТУЛА ДУНЯЛ

## ГьитIичалги ФГОСги

### «Бакъ» ясли-ахикь тlобитlана Бакълъулазул районалъул ясли-ахазул нухмалъулезул ва тарбиячагlазул данделъи

**Мелъелтlа бугеб «Бакъ» ясли-ахикь тlобитlана районалъул ясли-ахазул нухмалъулезул ва тарбиячагlазул данделъи ва гьоркьоб лъуна школалъул гlумруялде рахинчlел лъималазул учреждениязда лъайкьей ФГОСалъул тlалабазда рекъон гlуцlиялъул суал.**

Гьеб тадбиралда гlахьаллъана районалъул информациялъулабгун методикияб щалида гьабуна «Ралъдахъаби» къурдиги.



ФГОСалъул тlалабазда рекъон «Бакъ» ясли-ахалда гьабулеб бугеб лъайкьеялъул хlалтlул бицана кlудияй тарбиячlужу Гlайшат Жамалудиновалъ. Данделъиялда гlахьаллъарал ана гlисиназул ва гьоркьохъелгун чlахlиязул группабазда тlоритlарал рагьарал занятиязде. «Бакъ» ясли-ахалъул тарбиячагlаз бихьизабуна лъималазе лъайкьеялъул, гьитlичазулгун хlалтlи гlуцlиялъул рахъалъ щун бугеб гlемер соназулаб хlалтlул хlалбихьи, махщел.

централъул нухмалъулев Муса Къурамухlамадов, централъул специалист Зайнд Хlусенов, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул специалист Гlабдула Мухlамадов, информациялъулабгун методикияб централъул методист Рамазан Къурамухlамадов, «Бакъ» лъималазул ахалъул нухмалъулей Салимат Хlамидова, районалъул школалъул гlумруялде рахинчlел лъималазул учреждениязул нухмалъулел ва тарбиячагlи.

Тадбир рагьун, цере рахьин гlуцlана «Бакъ» ясли- ахалъул воспитанниказ. Лъималаз мах

Рагьарал занятияздаса хадуб, данделъи халат бахъана районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалда. Данделъиялда гlахьаллъараз хlасилал гьаруна рагьарал занятиязул. Информациялъулабгун методикияб централъул нухмалъулев Муса Къурамухlмадовас бицана тарбиягун лъайкьеялъул планал рахъиялъул къагlидабазул.

**Хадижат Мазгарова**

РОРХАТАЛ МУГlРУЗДА РУГО ГlАДАМАЛ. БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Бецlлъиялда данде рагъ балел ичичlалисел

### Ичичlали росулъ токалъул хlубал хисулел руго

**Бакълъулазул районалъул Ичичlали росулъ басралъарал токалъул хlубал хисун цlиял чlвалел руго ва кварал цlалел руго. Болъихъ районалъул гlорхъода гьабуна гьеб хlалтlи Болъихъ районалъул энергокомпаниялъул хlалтlухъабаз.**

«Сельсовет “Цунди-Щабдухский”» росдал поселениялъул бетlерасул заместитель Мавлидин Мурадовас бицана энергокомпаниялъул хlалтlухъабазе ремонталъулал хlалтlаби тlуразе кумек гьабулеб бугин Ичичlали росдал гlадамазги.



«Гумбет» РИО

НИЛЪ – БАРАБ АХlУЛЪГИ АХlАРАБ БОЛЪГИ. БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

## Гlадамазе бацlцlадаб лъим чlезабизелъун

### Гьоркь Инхо росулъ лъим бачарал рогlрал къачlалел руго

**Бакълъулазул районалъул Гьоркь Инхо росулъ чвахун цlад, горо-цlер бан хадуб гьекъолеб лъел рахъалъ квалквалал раккана.**



Роспотребнадзоралъул Дагъистан Республикаялда бугеб управлениялъ гьекъолеб лъел анализ гьабуна. Гьоркь Инхо росдал гlадамазда лъазабун букlана гьалараб ва шушбузухъ бугеб лъим гурони хlалтlизабугеян. Росулъ бацlцlадаб лъим чlезабизелъун, лъим бачарал рогlрал цlигьарун къачlалел руго.

Дагъистаналъул, муниципалитеталъул нухмалъулез, республикаялъул гlадамаз гьоркь инхдерие кумек гьабулеб буго. Россиялъул МЧСалъул Дагъистан Республикаялда бугеб ГУялъул техникагун хlалтlухъабиги рачlун, Гьоркь Инхо росулъе гlадамазе бачlана рукlа-рахьиналъул къайи.

«Гумбет» РИО

СОБЫТИЯ, ФАКТЫ...

## По инициативе Владимира Васильева в Дагестане на Ураза-байрам будут отдыхать 5 дней



**В честь окончания священного месяца Рамадан и праздника Ураза-байрам Глава Дагестана Владимир Васильев принял решение об объявлении 5, 6 и 7 июня нерабочими днями.**

Таким образом, дагестанцы в общей сложности получат 5 выходных дней. Эта инициатива позволит создать людям благоприятные условия для совершения всех религиозных обрядов, связанных с этим важным для мусульман праздником.

Отметим, что в этом году предварительная дата празднования Ураза-байрам приходится на 5 июня.

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Упрощен порядок предоставления налоговых льгот

**Упрощен порядок предоставления налоговых льгот физическим лицам по транспортному налогу, земельному налогу и налогу на имущество физических лиц т.е.**

Федеральным законом от 04.10.2014 N 284-ФЗ С учетом положений настоящей статьи право на налоговую льготу имеют следующие категории налогоплательщиков:

1. Герои Советского Союза и Герои Российской Федерации, а также лица, награжденные орденом Славы трех степеней;

2. инвалиды I и II групп инвалидности

3. инвалиды с детства, дети-инвалиды;

4. участники гражданской войны, Великой Отечественной войны, других боевых операций по защите СССР из числа военнослужащих, проходивших службу в воинских частях, штабах и учреждениях, входивших в состав действующей армии, и бывших партизан, а также ветераны боевых действий;

5. лица вольнонаемного состава Советской Армии, Военно- Морского Флота, органов внутренних дел и государственной безопасности, занимавшие штатные должности в воинских частях;

6. военнослужащие, а также граждане, уволенные с военной службы по достижении предельного возраста пребывания на военной службе, состоянию здоровья или в связи с организационно-штатными мероприятиями, имеющие общую продолжительность военной службы 20 лет и более;

8) лица, принимавшие непосредственное участие в составе подразделений особого риска в испытаниях ядерного и термоядерного оружия, ликвидации аварий ядерных установок на средствах вооружения и военных объектах;

9) члены семей военнослужащих, потерявших кормильца, признаваемые таковыми в соответствии с Федеральным законом от 27 мая 1998 года N 76-ФЗ «О статусе военнослужащих»;

10) пенсионеры, получающие пенсии, назначаемые в порядке, установленном пенсионным законодательством, а также лица, достигшие возраста 60 и 55 лет (соответственно мужчины и женщины).

10.1) физические лица, соответствующие условиям, необходимым для назначения пенсии в соответствии с законодательством Российской Федерации, действовавшим на 31 декабря 2018 года;

11) граждане, уволенные с военной службы или призывавшиеся на военные сборы, выполнявшие интернациональный долг в Афганистане и других странах, в которых велись боевые действия;

12) физические лица, получившие или перенесшие лучевую болезнь или ставшие инвалидами в результате испытаний, учений и иных работ, связанных с любыми видами ядерных установок, включая ядерное оружие и космическую технику;

13) родители и супруги военнослужащих и государственных служащих, погибших при исполнении служебных обязанностей;

14) физические лица, осуществляющие профессиональную творческую деятельность, - в отношении специально оборудованных помещений, сооружений, используемых ими исключительно в качестве творческих мастерских, ателье, студий, а также жилых домов, квартир, комнат, используемых для организации открытых для посещения негосударственных музеев, галерей, библиотек, - на период такого их использования;

15) физические лица - в отношении хозяйственных строений или сооружений, площадь каждого из которых не превышает 50 квадратных метров и которые расположены на земельных участках, предоставленных для ведения личного подсобного, дачного хозяйства, огородничества, садоводства или индивидуального жилищного строительства.

Налогоплательщики - физические лица, имеющие право на налоговые льготы (в том числе в виде освобождения от уплаты налога, уменьшения налоговой базы на не облагаемую налогом сумму, дополнительных налоговых вычетов), установленные законодательством о налогах и сборах, представляют в налоговый орган по своему выбору заявление о предоставлении налоговой льготы, а также вправе представить документы, подтверждающие право налогоплательщика на налоговую льготу.

**А. А. Абдулаев,**
**заместитель начальника межрайонной ИФНС России № 12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

## Почему вредно курить – все знают, но продолжают

**Курящие люди знают о том, что курить вредно, но при этом большинство продолжают дымить.**

Каждый, кто покупает пачку сигарет, видит на ней надпись (что чрезмерное курение вредит вашему здоровью) и ужасающее фото, делает при этом вывод, что его хотят запугать страшными картинками, или просто их игнорирует.

Выкуривание сигареты это не приятное головокружение от каждой последующей затяжки, это отравление человеческого организма различными ядами: никотином, аммиаком, метанолом, мышьяком, угарным газом, толуолом и др. Попадая в организм человека, они наносят огромный урон, нарушая множество разных систем, приводя в конечном итоге к раку.

**Органы больше всего страдающие от курения**

- Органы дыхания первые получают удар от курения;
- органы дыхания при курении страдают больше всего, именно они принимают тяжелейший удар всех тех ядов, которыми курильщик наслаждается в процессе курения. От ядов страдают: слизистая гортани и голосовые связки;
- из-за воздействия ядов, организм становится ослабленным, курильщики подвержены различным легочным заболеваниям, поэтому часто страдают бронхитом;
- вдвое больше подвержены туберкулёзу;
- рак от курения может образоваться не только в лёгких, другие органы тоже могут пострадать, и желудок не исключение;

**Нервная система страдает не меньше**

- нервная система человека собирает в одно: чувствительность, двигательную активность и работу эндокринной и иммунной системы;
- отравление ядами от курения для нервной системы сопровождаются вначале головокружением;
- курение со стажем, в дальнейшем, вызывает головные боли, связанные с сужением сосудов, повышается внутричерепное давление, что зачастую приводит к инсультам, заядлые курильщики быстро утомляются, находятся в состоянии нервозности, ослабевает память, становятся очень раздражительными.

**Сердце у курящего получает двойную нагрузку**

- во время каждой затяжки, учащается сердцебиение, идет сильная нагрузка на сердце;
- курение способствует образованию атеросклеротических бляшек в сосудах;
- ядовитые и токсичные вещества мешают усвоению витамина С. что способствует
- отложению на стенках сосудов холестерина;
- таким образом, курение способствует развитию атеросклероза и гипертонии и других болезней;

**Органы пищеварения разрушаются вместе с остальными органами**

- яд от сигаретного дыма раздражает: ротовую полость, слюнные железы, из-за этого происходит обильное слюноотделение, разрушается зубная эмаль, постоянно присутствует неприятный запах изо рта;
- вредные вещества, из дыма поступая в желудок, вызывают усиленное выделение желудочного сока, что приводит к гастриту, а далее не за горами язва желудка или кишечника, что потом может привести, если не остановиться курить, и не начать лечиться к раку желудка и т. д.

**Органы чувств человека сильно страдают от курения**

- обоняние очень сильно страдает от табака, многие курильщики не воспринимают или не различают, многообразие запахов, страдают разными заболеваниями лор органов;
- миллион раз повторю, что в дыму каждой выкуренной сигареты находится целый букет токсичных ядов, отравляющих организм, поэтому от них страдают и зрение и слух и другие органы.

Пассивное курение или окружающие страдают не менее, чем сами курильщики Окружающие, которые вдыхают дым курильщика также подвержены всем тем же болезням, что и сам мученик, так как большая часть дыма с его вредными веществами не вдыхается курильщиком, а рассеивается в окружающем воздухе, и не курящие люди вдыхая этот воздух получают свою дозу яда, который способствует развитию различных заболеваний.

Поэтому если вам не безразличны близкие люди, бросайте курить, как можно быстрее.

Вывод конечно не утешающий, чем больше и дольше курите, тем страшнее болезни прилипают. Но здравый смысл когда-то должен навести порядок в вашей голове, и возобладать над зависимостью от никотина.

**Айшат Адусова,**
**врач-нарколог Гумбетовского района**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорлъ
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.